Emha. Pucuk'e Emha yo?

O
waktu itu iya.

S
lambang '80-an ki Emha yo?

O
Emha. '80-an Emha sama Linus. Emha, Linus. Mbiyen lho. Karena Emha udah moco puisi. Emha, Linus itu dulu ikon anak muda. Anu lah, aktivis. Itu Emha. Sampai Seni Sono barang kan Emha ya waktu itu. Nek structure yo Jogja itu, waktu itu...

S
kae jaman petenge Emha tho?

O
hm?

S
jaman petenge Emha tho?

O
iyo. Emha sih, woh... sih dah... Yo ora sih dahsyat yo. Maksudte dahsyat waktu itu. Anak muda, pintar, dahsyat. Symbol gitu lho.

S
pintar, nesu.

O
nesu. Bongso ngono kuwi.

S
garang.

O
garang. Pokok'e angger ono, "Wah, ono Emha" ngono kae, wedhi.

S
kan bar kuwi agi... Bar iki kan enthuk Novia.

O
nganu...

S
ra iyo tho? Bar '92 tho. Enthuk Novia bar '92.

O
ho oh po?

S
ha '92 ki sih metu ning iki kok, sinetron-sinetron kae. Kan pas ngetop-ngetope tho.

O
nek musikalisasi puisi sing karo Jaduk, karo nganu kae tahun piro? Sih urung. '92 urung.

S
yo kan bar '92 tho?

O
yo, bar '92. Ho oh. Kowe mbiyen... Nek aku, ngumpule neng Emha. Nggone Emha, terus neng warung kuwi, Pojok Benteng. Kuwi sih ngono kuwi.

S
lho nek Rizal karo Emha piye, Mas?

O
ah, Rizal itu gini, di Bernas ketemunya. Dadi Bernas waktu itu tuh ngeke'i ruang untuk anak-anak muda. Kuwi jane sing gasih slot Butet karena Butet ikut terlibat di dalamnya.

S
oh.

O
jadi Bernas kuwi dicekel Kompas. Waktu itu Pimpinan Redaksinya Mas Mamak Sutamat. Terus, ngeke'i ruang untuk anak-anak muda. Yo kuwi. Bongso Rizal, Rizal Malarangeng, Emha, Indra Tranggono, Butet. Ono Butet. Ono Dodi Kusrido. Pokok'e anak-anak muda waktu itu. Kuwi ning kono kuwi mengelola Bernas, ning cuma rubric apa gitu lho. Dahsyat mbiyen. Mulo cah-cah mbiyen aktivitas kabeh muarane ning kono kabeh. Jaman kuwi nek eksodusnya KR karena ada masa ini... Oh, enggak. Bukan. Bukan eksodus kayaknya.

S
lha nek ning acara iki, Emha pangkate ning endhi.

O
ra ono. Emha di luar.

S
oh ya?

O
Emha di luar. Dadi, nek aku mbayangke yo mau ono aktivitase Emha, ono aktivitase UGM, ono aktivitase ISI, ono aktivitase iki. Terus, dis... Dadi, opo... cilik-cilik ngono lho. Cilik-cilik, akeh ngono lho. Emha ra terlibat blas iki.

S
blas?

O
blas ra terlibat. Kethoke dekne ning kesenian yo seni rupa ra pathek'o nganu yo. Dhek nen kan seni rupa baru yo mbiyen... jaman mbiyen jik rong anu. Iki back up wong inteleke yo justru misalnya setingkat Emha ndak ada.

S
wis generasi dhewe?

O
ho oh. Ngisore.

S
iki iyo?

O
ho oh.

S
Aris Mundayat yo?

O
ho oh. Aris Mundayat.

S
Iha ketemune Pak Bakdi?

O
ha Pak Bakdi tuh supporting. Yo misale, "Wah, yo apik kuwi ngene, ngene ki. Apik kuwi." Terus, Pak Bakdi nggawe tulisan. Kan jaman semono Pak Bakdi isih enom tho. Nek ono sesuatu yang sifatnya alternative kan yo seneng. Dadi, yo koyo uwong nggawe aktivitas opo terus disowani, "Pak, iki piye nggawe ngene ki?" "Wis apik. Kuwi apik kuwi. Nggawe ngene ki wae." Wong, yo ra ono resiko tho.

S
nek Pak Kayam dhewe piye? Ning Jakarta yo pas kuwi yo?

O
Pak Kayam... Ora, ning Yogya, Yogya-Jakarta. Pak Kayam kan priyayi. Pak Kayam waktu itu yo wis...

S
ora?

O
ora. Kae priyayi tho?! Kesenian yo sing isoh didelok, bongso ngono kuwi. Wis kae ki cah urakan, cah urakan. Ngono kuwi nek Pak Kayam. Priyayi lah. Kesenian priyayi lah Pak Kayam.

S
menarik kuwi. Soale kan mburine Setiawan Jodi kan Pak Kayam?

O
ah, benar... Iyo po? Sing waktu dadi Maisena?

S
ha iyo. Wong kae jurine yo Pak Kayam e.

O
yo berarti yo artinya iso bener bahwa Pak Kayam tidak setuju dengan ini, tapi dia setuju dengan karya-karya yang... yo uwis karya sing dinikmati, 2 dimensi. Karya-karya anu lah. Kuwi kan karyane petani, karya ngene. Nek Pak Kayam ki ra seneng karo aktivitas bongso petani, sik nganu ngono kuwi rak nganu dek'e. Klangeran lah. Pak Kayam ki seni mapan. Yo misale Gambyong, terus yo tari yo tari Bedoyo. Sik ngono kuwi. Priyayi kae.

S
lah nek Pak But.

O
But Mochtar ki '92 uwis yo?

S
terakhir kuwi. Tahun terakhir.

O
terakhir yo. But Mochtar ora, ora krungu. Ora krungu komentarnya. Ini sebenarnya praktis kampus, kayak ISI itu...

S
nggak ada hubungannya ya?

O
ora. Wong ISI dhewe yo ora nganu kok. Makanya itu. Karena sebenarnya cah-cah seni rupa mbiyen, iki kuper. Sing methu ning lingkungan aktivis...

S
cah seni rupa kampus maksudnya?

O
ho oh, kampus. Sing mlebu ning lingkungan aktivis, teater ki cah piro tho?! Iso diitung. Mbiyen ki blas ora ono. Ora ono.

S
malah teater kuat yo jaman mbiyen?

O
teater kuat. Waktu itu Brotoseno Cs itu yang ngosak-ngasik. Cah seni rupa ki ora, ning kandang. Padahal, waktu itu ya, angkatan '92 ki seh ono sing dhuwur ku sopo yo?

S
saiki lak teatere loyo banget.

O

lah iyo saiki. Malah bablas. Kalah ro... Yo, jaman-jaman kuwi Alex Lutfi, Burhan ngono kan wong-wong studio nan tho. Ivan Sagito kan wong studio nan. Nah, sebenarnya seni rupa sing ning kene kan wong sing ra enthuk nggon bom, ra enthuk studio. Dulu seni rupa waktu itu cah studio.

S

wong outdoor lah iki ki.

O

ho oh. Iki outdoor. Kae indoor. Tenan waktu kuwi.

S

karyane rak yo outdoor kan iki?

O

ho oh. Waktu itu gitu. Waktu itu itu. Berarti kan... iyo, bener. Wong angkatan tertua waktu itu nek ning seni rupa ning kono yo angkatanku karo Dadang. Dhuwurku ki yo wis mapan. Wis do dadi dosen tho. Burhan, Alex ki wis do dadi dosen anyaran, wis mapan.

S

lho nek anu, omahe do koyo ngopo?

O

sopo?

S

wong-wong iki jaman kuwi?

O

wong-wong iki yo kos.

S

lah iyo, koyo ngopo mbiyen ki?

O

yo meng kamar.

S

opo koyo uwuh juga?

O

yo nguwuh. Wong sih mlarat kok. Yo nguwuh mesti no.

S

(*tertawa, trans*) dadi iki sek diutamake yo cah-cah nguwuh?

O

ho oh. Kere. Uwuh. Asli uwuh. Uwuh waktu itu. Wong aku seh ning patangpuluhan yo nguwuh. Sopo sak mono sing sugih. Eddie Hara yo urung.

S

ngomahe nek kumpul yo?

O
maksud'te nek kumpul?

S
yo keroso ngomah ki nek pas ngumpul?

O
ho oh. Nek pas ngumpul. Mbiyen eh... nganu misalnya koyo aku yo, aku luwih ngomah nek pas dolan ning nggone Emha. Ning omahe Emha.

S
ning kamare dhewe-dhewe topo?

O
ho oh. Yo wis turu. Meng turu (*sembari tertawa geli, trans*).

S
rak yo ra kober nglukis tho nek ngono?

O
ora. Ora. Ra. Ras kober nglukis. Nah, berarti itu bisa... nek ngono iso disimpulke bahwa di ISI dulu ada aktivitas outdoor dan indoor. Anak outdoor dan indoor. Anak outdoor yo misalkan Moel, Dadang, dan termasuk aku lah. Aku wis aktif ning teater kan waktu itu. Wis karo cah-cah teater barang. Wis ngeset Gandrik, wis macem-macem. Nah, cah-cah indoor yo cah-cah sing mapan-mapan kuwi. Iwan Sagito, terus yo Burhan Alex. Generasi itu. Sudarisman.

S
tapi kok iso nguwuh ki ngopo?

O
yo sopo sing ngopeni wong dhuwit we ra ono kok. Yo mesti nemu opo disimpen tho?

S
ha iyo.

O
mbok kuwi mbiyen cat teng gletak kae Eddie Hara karo Heri Dono ijih le nggambari dho neng nggon ku kok. Uwuh.

S
kok iso nganti ngono? Maksute jaman...

O
alah yo koyo...

S
jamane opo apane kuwi iso nganti ngono?

O

yo kahanan. Artinya gini lah. Koyo mahasiswa sak iki ki ngresik'i kamar wae ra sempat tho?

S
hm mmh.

O
yo wis mentalitase ngono kuwi. Koyo cah-cah bohemian. Wis kamar teng slengkrah ra karuan. Ngono kuwi.

S
wong le sekolah yo ra bener.

O
ora.

S
kadang mlebu, kadang ora kan ngono kae.

O
methu barang. Nganggo methu.

S
jano kan wektu ne akeh tho. Kudune rak resik-resik omah (*tertawa geli, trans*). Neng kok malah nyimpen. Akeh mlakune.

O
seneng neng njobo. Seneng neng njobo. Seneng neng njobo, enthuk informasi karena... Ya, waktu itu aku seneng neng njobo. Neng ka... Oh, kampus aku wis ora neng kampus. Ra perduli kan. Wis methu kok. Dadi, gedhe neng njobo. Gedhe neng njobo, sekolah neng njobo karena menarik informasi dari luar waktu itu dan komunitas itu menarik. Ki ngangeni kok komunitas waktu itu ya. Komunitas Emha itu ngangeni. Ben bengi lho begadang neng Jukteng Wetan wedhangan. Gojek-gojek, dagelan, lucu-lucunan. Gojeeek ngono kae. Nah sakjane saiki ki kan yo ono tho ngono kuwi? Cah sing sih ngono kuwi? Cah saiki? Wis ra omah. Uripe ning angkringan, misale.

S
nggon ne kanca-kancane.

O
nggon ne kanca-kancane. Nah, cuman saiki kan... nek mbiyen ki jelas. Oh, geng Emha. Oh, geng kae, geng kae. Jelas. Saiki ki mungkin mung cah piro thok dan ora menonjol.

S
nggak juga. Mungkin geser. Sing gaya ngono kuwi neng opo... cah-cah sing nggon ilmu liyane, mungkin.

O
iso ngono.

S
misale mbiyen ning seni lagi kepanggonan jaman ngono kuwi. Saiki mungkin neng nggon opo yo? Neng tehnik, opo wong hokum, opo wong opo.

O
nah saiki makanya ada gaya melukis bersama kuwi kanggo ku ki seneng. Koyo remining jaman mbiyen. Oh, ngumpul meneh, gojek. Yo gojek ki mau iso cerdas, iso ora lah. Ning ngumpul, ono komunitas meneh, ngumpul meneh. Dadi, ono ngumpul meneh. Kuwi menarik. Ternyata, yo seni uripe ngono kuwi kok. Bedho lho nek saiki misale sing payu yo indoor, studio. Bleng wis, ra perduli. Ono tho wong sing neng omah terus nganti ra kumpul konco. Ming ngopo, engko gambar. Ngopo meneh.

S
oke. Situasine kan kemudian sik jaman opo... eh... Nek Mas Ong mbandingke jaman saiki, terutama sik neng pas mbiye karo jaman tahun saiki. Kuwi piye? Ono kesamaan atau...?

O
beda.

S
beda?

O
karena mbiyen ki ngumpul... Kan saiki yo ono outdoor, indoor ngono kae. Ono. Cah saiki ono, tapi saiki ki karena ekonominya lebih baik. Itu yang membedakan. Kalau dulu tuh ekonomi buruk. Teman-teman itu jan kere tenan. Misale neng warung wae bantingan kok. Artinya, sebenarnya kan pada ideology. Nek dulu tuh ideology lebih pada ideology eh... ideology... politik praktis. Jelas musuhe Orde Baru. Saiki? Ora ono musuhe. Saiki ki ideologine ideology kesenian. Bener-bener kesenian. Mbiyen kesenian tuh selalu arahnya ke politik praktis. Koyo ngono kuwi.

S
saiki nek wong-wong sing neng jobho kuwi informasi yang didapat itu apa? Sing do ora neng omah, ngumpul neng ndalan ki informasi sing didapat opo tho sakjane? Kan nek ndisik, makane, Mas Ong ngomong mau, "Cah-cah ki ora tahu neng omah soale ilmu neng njobo."

O
hm mmh.

S
nah saiki kan informasi wis dileboke neng omah e.

O
iya.

S
ono TV. Iya tho?

O
ono TV, ono internet, dan lain-lain sebagainya.

S
dan lain-lain. Kan kuwi wong nggolek informasi ki neng omah. Ora perlu...

O

he eh, nek mbiyen, ning njobo yo.

S
ora perlu methu kan ngono.

O
betul.

S
nah, nek ning situasi saiki, wong-wong sing dho kluyuran ngono kuwi enthuk'e informasi opo?

O
yo gojek kere karo enthuk'e informasi kolektor, opo lukisanmu neng endhi, kae pameran neng endhi. Rumangsaku lho. Selama iki, nek aku ndelok, ngomong karyane deknen terus ngomong karyane uwong. Wis. Tidak ada informasi... Nek mbiyen ki informasi... dulu ya, bedanya itu sangat penting. Wah, Soeharto ki ngene, ngene, ngene.

S
berarti kewalik'an yo. Nek ning jobo ki malah informasi kolektore neng ndhi, anu ne neng ndhi.

O
oh, ra ono.

S
neng jobo ki ra ono kan, Mas?

O
ora ngomong kolektor. Ora ono wong ngomong kolektor.

S
tapi, neng indoor kan kuwi? Omongan-omongan ngono?

O
indoor aja anak terbatas ya. Orang-orang tertentu yang itu karena kalau... Orang-orang yang terimbas bom waktu itu. Neng yang orang di luaran, wong joboan, orang peduli dengan kolektor yo. Wis omongane wis misale...

S
omongan ngono kan berarti ora neng warung tho?

O
ora.

S
nek saiki neng warung.

O
saiki neng warung. Maksudnya omongan yang...?

S
yo tentang kolektor.

O
kolektor. Ya, sekarang di warung.

S
payu opo ora.

O
payu po ora.

S
Ngonon kae kan saiki neng warung.

O
nggambar opo, sesuk pameran neng endhi.

S
nek mbiyen neng omah?

O
mbiyen neng omah. Ngonon kuwi neng omah. Rumangsaku kuwi antar teman. Paling meng iso dolan cah loro, cah telu.

S
saiki kewalik'an.

O
saiki kewalik'an. Isu itu justru di...

S
luar.

O
luar. Misalkan lho. Misalkan info, misalkan gini. Yo ini info terakhir, misalkan, teman-teman opo cah-cah Padang ki? Jenenge kelompok'e opo? Rudi Mantofani Cs kuwi. Opo? Kelompok...?

S
Jendela.

O
Jendela misalkan dolan ning nggone Mas Riyadi. Neng kono ngomong tentang bla, bla, bla, bla, bla. Misale opo. Ngonon kuwi. Terus kelompok sopo dolan neng nggone Putu Liang. Omongane yo tentang lukisan, tentang iki, tentang iki, tentang iki. Dan gagasan-gagasan kesenian yang sekarang kan bukan gagasan kesenian protes social. Kan wis ngomong tren'ne opo saiki, terus aku arep nggambar iki, arep nggambar iki. Nek mbiyen ki gagasan yang dulu itu lebih pada problem-problem social. Itu kecenderungan lho ya. Bukan setiap orang ya. Kecenderungan anak-anak tertentu.

S
kewalik'an yo?

O

ho oh.

S

nek... berarti nek saiki ki glenak-glenik politik ki indoor. Glenak-glenik ekonomi ning jobo.

O

bahkan mungkin sekarang yang... untuk anak seni rupa lho ya. Glenak-glenik cah seni rupa bahkan tidak menyentuh glenak-glenik politik. Antipasti sama hal itu. Wong aku ki nek ngumpul karo cah-cah yo, blas ora nyinggung kok. Paling yo ming lucu-lucuan, "Oh, cah kae ki potone lucu", tapi partai iki, anune iki blas ora. SBY ki ngene, blas nggak ada. Lepas sama sekali dengan politik praktis. Misalnya tentang Negara, tentang iki blas ndak ada. Ndak ada, nggak pernah ada selama saya ndelok, ngumpul-ngumpul neng cah-cah lho. Isine ming gojek kere, ngenyek'i koncone, opo, opo, opo. Gitu.

S

saiki?

O

saiki. Nek mbiyen ki, itu selalu bersentuhan. Wong mbiyen ki, "Wah, kae diculik", "Wah, kae intel." Kecurigaan terhadap teman besar kok. Iki ojo-jo intel iki. Ojo-ojo intel le iki. Dulu gitu. Koyo perang.

S

nek saiki?

O

ra ono. Ora ono. Wong kuwi ki wis dibuka byaak, koe ki arep misuhi Presiden wis ora nggumun wong-wong. Wong-wong ra nggumun tho? Wong wis ning TV wae wong-wong nek muni Presiden ngene, ngene, ngenyek suoro Preside wis enthuk tho. Jaman mbiyen?! Beeh... Ngeri. Isune Tukul ilang. Esti Nugroho dicekel. Itu kan besar sekali. Besar. Sweeping buku. Itu kan besar. Menjadi isu besar. Saiki byak ngono wis ora. Makanya dulu Tempo dan Detik itu naik karena dianggap itu media yang paling berani. Nah, saiki endhi koran sing paling whani sak whanine kan malah dadi ikon. Ra ono ikon media saiki.

S

tur soyo ngawur saiki.

O

ngawur kabeh. Dulu jelas ikon; perlawanan, yo referensi teman-teman Tempo, terus Detik. Itu wis jelas mesti cah aktivis, cah iki, cah iki. Anak yang punya referensi, yang punya ini. Sekarang endak. Mbiyen nggowo Tempo ki bangga.

S

saiki? Ora.

O

ah, ora. Ora membanggakan. Mungkin saiki mungkin nggowo...

S

majalah fashion.

O
fashion, terus Rolling Stone, opo majalah opo kae...?

S
gaya hidup.

O
gaya hidup kae lho, sing kandel, sing apik banget kae. Majalah opo sing isine yuppies, yuppies anu muda terus dimuat di situ.

S
tempat pesta.

O
ho oh, opo... dimuat di situ. Kayak gitu. Mbiyen ki ono symbol perlawanan. Dadi, produk itu membawa symbol perlawanan. Sekarang ndak ada.

S
kebanggaan dak itu?

O
kebanggaan karena itu njuk strata tho. Strata social, strata intelektual pada tataran ini. Ngono. Luwih romantic mbiyen.

S
lah iyo wong kesepian kok.

O
ho oh. Kesepian karena semua represi. Keno represi, akhirnya muncul perlawanan sithik wae, sak grit wae. Kuwi wis, mbooooh... pahlawan. Misale Emha moco wueh si... kene, kene ming nyinggung Pak Soe. Ngono wae po... opo Arto atau dengan kalimat digeser sithik ngono kuwi wis, "Woh, whani yo. Woh..." Ngono. Dodolane mbiyen penak. Dodolan jenenge Pak Harto, dipleset-plesetke po keluarga Cendana ngono wis buuusshhh...

S
kendel kuwi.

O
kendel.

S
saiki ra.

O
saiki, "Oh, kowe ki ngomong opo" (*dengan nada menyepelkan, trans*).

S
wong kendele ra ono nggon. Malah diosak-asik.

O
nek muni arep kendel ki, arep kendel ngopo?

S
lah, malah dingonoke tho (*sembari tertawa, trans*).

O
kowe arep ngopo, wis?

S
lah iyo, malah dingonoke. Malah saiki arep ngopo wis.

O
arep ngopo. Misale kowe nyuwek gambare Megawati, yo wis nyuwek wae. Paling yo sing gepuk'i cah-
cah partai. Ndak sampai sana. Gitu. Nggak sampe...

S
ra tekan.

O
ora tekan. Nggak sampe sana. Mbuh, nek saiki mungkin sing paling sensitive agomo. Misale yo. Itu
lah misalnya.

S
tur kuwi yo akan komek.

O
ha iyo. Kuwi yo wis ra... Misalkan itu, pentas teater, pentasnya Gandrik dengan mengkritisi sithik
dengan idiom kekuasaan, nganggo kekuasaan. Misalkan dulu ngene. Bahasa kekuasaan adalah
kursi. Kursi itu digraji, diopo. Kuwi wis beaahh... Wis dahsyat ngono lho. Ha mbok saiki fotone
Presiden diobong yo wis ra... (*sembari tertawa, trans*). Paling yo mung urusan polisi. Mbiyen ki
intel karena militer kuat. Tentara isih ngawu-awu semono. Situasinya berbeda. Situasi politik,
situasi social, situasi ekonomi berbeda. Makanya, kreatifitasnya berbeda. Nah, mbiyen, jaman ono
ngene ki wis dianggep kendhel banget. Wah, melawan kae. Melawan kemapanan. Melawan iki. Ha
mbok saiki mbok koyo ngono yo... wis biasa tho.

S
tapi nek gambare, terus iki ne, opo jenenge... ikon-ikon yang dipakai ngono kuwi kan yo mbaleni
meneh, mbaleni meneh.

O
pengulangan jelas.

S
kan saiki methu meneh. Gaya-gaya sing iki kan methu meneh.

O
gaya, yoh.

S
tapi, dengan konteks social yang berbeda.

O

yang berbeda. Berbeda. Nek style, podho wae. Misalkan jaman generasiku, Pop Art yo gila. Banyak. Ekspresionis, impresionis banyak.

S

nah, kalau menurut Mas Ong, kalau semacam Binal itu terjadi lagi untuk di tahun ini, bayangane Mas Ong, orang akan membacanya bagaimana?

O

dadi ora kethok yo. Ndak kelihatan dan orang membacanya, "Oh, ya uwis. Kuwi..." Misalkan Binal atau Biennale?

S

Binal iki.

O

Binal iki. Oh ada lagi. Thak kiro uwong wis, macane yo... yo, yo ora... iso ra kewoco. Itu gini aja. Kita ambil misalkan media, Koran yo. Endhi tho sing iso menonjol saiki? Ora iso. Aktivitas? Endhi tho sing iso menonjol saiki? Kecuali pementasan itu baik secara estetik. Estetika lho perjuangane, iso. Nah, sekarang kalau Binal, kalau ada, yo paling perjuangane estetika. Konten, ndak. Sak edan-edane, misalkan, katakanlah Sam gawe kae... eh, kampong eh... seng bot kae. Sak edan-edane. Yo ora ki. Yo wis, ngono kuwi. Sak edan-edane Biennale sing Sembilan, eh... 2008 wingi, Ugo gawe ngono kae, yo wis. Sak edan-edane Ugo gawe pameran jaran kae, dahsyat tho?

S

hm mmh.

O

yo wis. Tidak akan bikin penanda. Iki analisisku lho. Tidak akan ada jreet... tanda tho yo. Yo wis mung, "Oh yo, apik", wis karena semua punya kualitas dan kuantitas yang sama semua ini, cuma kontennya berbeda. Contoh sing paling jelas. Karya sing payu cah enom-enom saiki, kualitas dan kuantitasnya kan sama. Cinooo... kabeh. Nganti iki dhuwe'e sopo, dhuwe'e sopo, ora kethok. Itu semua lho. Kok kuwi. Partai wae lah sing 34, tiga sekian partai kuwi podho kok. PDI yo ra menonjol. PBB yo ora. Terus partai opo?

S

rata kabeh.

O

PPRN yo ora. Rata kabeh karena, aku ndelok'e, iki sakjane masa-masa apatisme. Uwong wis mandeg. Wong mandeg. Wong wis... yo wis kae. Soale wis kebuka kabeh.

S

buka dasaran saiki.

O

hm mmh. Koyo wong noto pasar anyar, noto kae lho. Kabeh wis kebuka. Kabeh enthuk nggon. Koe arep ngopo, enthuk; kecuali perjuangannya pada apik opo elek. Gawe apiiiiik banget. Yo wis meng, "Oh, kae apik." Neng engko ono siji nyusul meneh. Podho meneh. Dadi ra ono sing mak zleeg. Ngono ra ono. Dadi, nek saiki gawe gerakan, seni rupa misale, yo nguyahi segara.

S

dadi ngono yo?

O
nguyahi segara.

S
gununge rung ono saiki?

O
ra ono. Gununge ki wis jebeluk, wis rata. Nguyahi segara. Wong sing pameran heboh secara ekonomi payu wae, yo wis. Misale isu karyane Mas Riyadi yo, sekian milyar yo, yo wis meng sebagai isu, "Oh... yoh." Wis, bar kuwi jret rata meneh. Ora dadi ikon jebret, jebret.

S
flat yo?

O
ho oh. Nah, itu masih tersisa, dulu, yang masih ikonik Pekik kalau kita lihat. Celeng, yoh nemplek bleg. Nemplek. Kuat. Thak kiro karena itu, kalau distudi secara antropologi, Pekik ndhuwe sejarah tetang celeng, tentang iki tho, sejarah kuwi tho. Nek kuwi nek sing nggambar celeng cah saiki?

S
ra muni.

O
ra muni. Ra muni. Neng duniane film wae, pintere Garin iso jupuk "Opera Jawa".

S
kuwi yo ra muni, kok.

O
yo ra muni, tapi sebagai si... kecil yo, sebagai ikon anu, yo wis. Ono "Opera Jawa" lah di antara film sing koyo ngono.

S
muni nek ubek-ubek segara yo?

O
ho oh. Ambyur, ngubek-ubek segara. Nyilem.

S
nyilem. Ha kuwi luweh abot meneh tho>

O
ha kuwi abot. Makanya, sekarang tantangannya dalam dunia... nek aku, dalam dunia kesenian itu berat. Yo wis. Ben ora mbentoyong...

S
nyilem, ning...

O

estetik wae.

S
sileme abot e. Nyileme.

O
yo abot. Ambegane, Bung.

S
ambegane.

O
ambegane abot. Nek mbiyen, menek gunung ki sih luweh lumayan.

S
nyileme abot, terus munggah meneh.

O
mungguh meneh. Abot mlakune, tapi bernapas isih bisa. Kowe nyilem saiki.

S
saiki nyilem. Bener.

O
jadi Ontorejo opo Ontoseno.

S
kuwi.

O
opo kuwi? Ontorejo? Opo Ontoseno?

S
kuwi nek ning Solo, podho kuwi. Nek ning Yogya dadi bedha.

O
bedha. Ontorejo ki laut. Lemah, Ontoseno. Wis tho nek mung nggawe o... Biennale Jakarta jarene edan, apik. Yo uwis.

S
ha sileme rak ngubek-ubek bongso ngisor kuwi lho, Om.

O
lah kuwi (*sembari tertawa, trans*) isine macem-macem. Ono taek, ono lendut, ono batang, ono opo-opo tho kuwi?

S
ha iyo. Ha ngubek-ubek porno, ngubek-ubek agomo, ngubek-ubek ha...

O

wong saiki kesenian sing paling dahsyat, kuwi kalah karo korupsine Si wong DPR kuwi kok. Kalah karo selingkuhe Si YZ karo kae. Kalah karo kuwi. Kalah karo geng Nero, cah wedhok-wedhok Pati kae. Oh, dahsyat. Kalah karo kae. Lah kuwi jane yo, eh... Nek mbiyen, itu masih untung. Peran media masih besar. Peran media masih besar. Ha misalnya diusut seko kene yo Koran yang mapan. KR cuma berapa? Bernas, Tempo. Yang bany... paling banyak kan Bernas. Tempo sekali. Tempo sekali atau... nggak dua kali. Kompas berapa kali. KR ki mergo pengen aman, pisan thok. Kalo nggak, 2 kali. Jim nulis di KR sama liputan. Heri Wibowo nek ra salah lho. Saiki jane uwong kudune luwih bingung. Arep nggawe opo yo...

S
sing film wae ra ono sing kreatif. Tur ijen tho ngono kuwi?

O
ijen.

S
nek film?

O
film, ijen. Wong nelayan wis moh, emoh.

S
ra iso bareng.

O
rak.

S
komunitas ngono ra iso.

O
ra iso. Komunitas wae engko saling curiga. Iki sopo sing arep memanfaatkan, sopo sing arep mangan, sopo sing arep nganu. Engko akhire yo mak cethut... cah siji. Wuangel tenan saiki nggawe ikon saiki.

S
film ijen.

O
angel. Yo cobo dipetani wae saiki. Opo tho sing menonjol ki endhi? Sing kethok lho yo. Carane nek bengi ono lintang sing gueedhee ngono. Wis ra ono. Yo mergo, thak kiro, semua orang iso nggawe. Alate ono, perangkatnya ada, fasilitasnya ada. Yo wis makanya sekarang kolektor rame itu wajar sekali karena perjuangannya perjuangan estetika, bukan perjuangan ideology dan kolektor ndak ideologis.

S
kondisine pancen bedho.

O
ho oh. Kolektor itu estetis, manis, ayam, tentrem. Gambar werno ireng wae emoh. Abang no ben hong sui ne apik, semangate apik. Nek ono abange akeh, seneng. Kayak gitu, gitu.

S
dinggo neng omah.

O
hm mmh. Yo kuwi repote saiki. Sekarang mungsuhe sopo tho? Ora ono. Sopo mungsuhe? Ideology. Ideology opo? Podho kabeh partai.

S
dibukake kabeh.

O
ho oh. Partai podho kabeh. Musuhe sopo? Ora cetho. Mosok yo arep gambar, mosok kemiskinan yo lucu tho. Opo musuhe kapitalis, yo ora. Wong kapitalis ki yo enak'e.

S
saiki ki seng menangan, seng nomer loro kok malah.

O
piye maksute?

S
ha?

O
sing menangan nomer loro?

S
ho oh.

O
kok, iso? Piye?

S
ha nek kuwi jejodoan ngono kae yo sing milih tho?

O
oh, ho oh. Sing milih.

S
kan aurane koyo kompetisi tho. Kompetisi untuk memperebutkan satu. Sebenarnya, di lapis kedua yang punya peluang.

O
punya peluang karena di lapis pertama itu mempertahankan.

S
bukan yang di lapis atas. Yang di lapis atas ini kompetisinya pertahanan, sama imbangnya ngono lah. Yo koyo anu lah. Rampung wae nek ngene.